ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№94 (22.252) ● 2012 гъэм накъыгъэм (майм) и 25, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Сосналы С. А. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» щІыхь дамыгъэр етыным и Іуэхуи

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Абхъаз Республикэмрэ я щІыхубэм яку дэлъ зэныбжьэгъуагъэр гъэбыдным езым и ущхькІэ куэд зэрыхищІыхьам папщІэ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и пащхьэ щиІэ фІыщІэм папщІэ» щІыхь дамыгъэр етын **Сосналы СультІан Асльэнбэч и къуэм** *(зэрылІауэ).*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм накъыгъэм и 23-м
№82-УГ

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Властым и органхэм зыхуэмыфащэ щылэжьэн хуейкъым

КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ хэтащ Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и советым и еплІанэ сессием. Ар теухуауэ щытащ Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр хэхьным.

КОНКУРС комиссэм и унафэщІ Бэджыдэ Мухьэмэд кІыхьэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ конкурсым хэтын папщІэ кандидату щым - Хьэгъэс Залымджэрий, Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм, Балаев Тэхьвир, «Троллейбус управленнэ» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщІыр, ПщІокъуэ Олег, Кэнжэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэр - зэрыхэтар. Кандидату зыкъэзыгъэлъэгъуэхэм кьапсэлъахэм ещІэуа, абыхэм я программэхэм щыгъуазэ защІа нэужь, конкурсыр езыгъэкІуэкІ комиссэм хэтхэм Хьэгъэс Залымджэрий кьыхахащ икІи абы и кандидатурэр Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и советым кьыщыхальхьащ.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ Хьэгъэс Залымджэрий Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу хахащ. «Урысей Федерацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныр кьыщызэрэзэпэщІыныжмкІэ, псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Іуэхуи»- 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м кьащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м и 37 статьям, Налшык къалэ округым и Уставым и 48 статьям ящыкІ иткІэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ советым и тхьэмадэ Мурравьев Игорь щІэуэ ягъэуува унафэщІым контракт ирищІылІащ.

Депутатхэм я пащхьэ кьыщыщыпсальэм Къанокъуэ Арсен псом ящІу ахэр Советым зэрыхахамкІэ екъуэхьуащ икІи тэмэму лэжьэну, дзыхь кьахуэхьащ цІыхухэм я лІыкІуэ нэсу щытыну зэрригуапэр кьыхигъэщащ.

«Зэрыхабзэу, республикэр псом япэу кьаэрыщІыхьур абы и кьалащхьэм щекІуэкІ социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ Іуэхуэр зыхуэдэрщ. Абы кьыхэкІыу Налшык и лІыкІуэ органым и депутату ущытыным жэуапльнигъэ хэха пылъщ икІи ар фэ бгъэпэжыфы-ну сыфщогугъ», - кьыхиГъэщхьэхуэкІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Хьэгъэс Залымджэрий мы кьулыкъур дзыхь зэрыхуэщІам и гугъу щищІым, Кьанокъуэ Арсен кьигъэлъэгъуащ абы и унафэм щІэту Налшык жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытынигъэ зэрыщыІэтхэрэр, экономикэм, социальнэ Іэнатіэм энэрылъагъуу зэрызаужьар. КьащІтэмэ, блэкІа илъэсищым кьриубыдэу кьалэм и бюджетым и дотацэ Іыхьэр процент 18,5-кІэ ягъэмэщІащ, хэхъуэ Іыхьэр 2009 гъэ-елъытауэ процентI 133,5-м нэсащ. Апхуэдэу кьалэм ищэ продукцэр процент 88-кІэ, розницэ сатур хуэдэ 2,4-кІэ нэхьыбэ хьуащ. КЪБР-м и унафэщІхэм зэрыжиІамкІэ, кьалэ администрацэм социальнэ Іэнатіэм зегъэужьынми хуэфэщэн гулыІтэ хуищІащ. «Эмэн зыбжанэ льандэрэ кьалэдэсхэм я псоу кІэр ефІакІуэ зэпытщ. Налшык апхуэдэу пашэщ ику иту ятулахуэм зэрыхьхьэмкІи. Кьалэм сабийуэ кьыщальхьур нэхъ машІэ хьууэрэ щекІуэкІа эзманым кьикІащ. АбыкІэ зыкъомкІэ сэбэн хьуащ псэупІэ фондым зэрыхэхьуэр - 2011 гъэм и закъуэ псэупІэ унэу метр зэбгъуэзанатІэ мини 150-рэ хьэзыр ящІащ. 2010 гъэм елъытауэ ар процентI 131,6-кІэ нэхьыбэщ», - кьыхихгъэщхьэхуэкІащ Кьанокъуэ Арсен.

А псоми кьадэкІуэу КЪБР-м и Іэтащхьэм игъэбелджылащ Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм, абы и Іэтащхьэм зэман гуэр кьриубыдэу зэфІагъэкІын хуей Іуэху нэхьыщІкэрэр. Абыхэм ящыщІу псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм и Іуэхутхьбзэгъэхэм я фІагъыр кьаІэтыныр, кьалэр зэІуэзэпэщІыныр. «Абыхэм ятеуухуа тхыгъэхэр зэпымыууэ си сайтым кьралъхьэ. А тхыгъэхэм кьыщаІэт псы фІейр щагъэкьабзэ ІуэхуэщІапІэр, уэрамхэм ирикІуэ канализацэр зэгъэпэщыжын, кьалэм щыпсэуухэр жэщми махуэми псыкІэ кьызэгъэпэщыным теуухуа программэр гъэзэщІэн, Нарт-2, Нарт-3 поселкэхэр, Вольнэ Аул, Кьэсэнай, Белая Речкэ, Іэдиху хьэблэхэм зыхуэфащэ инженер инфраструктурэ щыхуэн зэрыхуейр», - кьыхигъэщхьэхуКІащ кьэпсалъэм.

«Зэрыхабзэу, республикэм псом ящІу кьаІэрыщІыхьур абы и кьалащхьэм щекІуэкІ социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ Іуэхуэхэр зыхуэдэрщ. Абы кьыхэкІыу Налшык и лІыкІуэ органым и депутату ущытыным жэуапльнигъэ хэха пылъщ икІи ар фэ бгъэпэжыфы-ну сыфщогугъ», - кьыхихгъэщхьэхуКІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Хьэгъэс Залымджэрий хуейуэ хуэгъэзэнэр, уэздыгъэхэр фІдэзэнэр, апхуэдэу Налшык и хъурейягъкІэ кьэзыкІыхь автомобиль гъуэгу уху-нэр.

Щ1ыналъэ администрацэм кьыпэщІыт лэжьагъэ нэхьыщхьэ дыдэщ псэупІэхэр комплексэу ухуэнымрэ кьалэ щІыналъэм зегъэужьынымрэ. Абы Іэмал кьитынущ щІыхуэхэм езэгъырабгъуу псэупІэхэр кьащэхунымкІэ. ХьэблэщІэхэм зыхуэфащэ инфраструктурэ кьыщыІэзэрагъэпэщын, автомобиль гъуэгухэр, социальнэ Іуэхущ1апІэхэр щаухуэн хуейщ.

«Апхуэдэ проектхэр ягъэзэщІэн хуейщ Налшык кьалэм зэрызэпичьыну генеральнэ планыщІэм тету. А планыр зэхэльхьэныр икІэщІыпІэкІэ зэфІамыгъэкІыу хьунукым», - жиІащ Кьанокъуэ Арсен.

Yп псалъэр щиухым, КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ щІыпІэ мыхьэкІэ зиІэ Іуэхуэр дэгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ щІыналъэ администрацэм и полномочиехэр нэгъэсауэ гъэзэщІэным Хьэгъэс Залымджэрий зэфІэкІыу, щІэныгъэу иІэр ирихьэлІэну зэрыщыгугъыр икІи зыпэрыуба Іэнатіэм екъуэлІэну екъуэхьуащ. «Зы цІыхуи Іуэхуншэу щыдгъэсынукым, хуэмыфащэ Іэнатіэми Іуигъэтынукым. Правительствэми щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэми зыхуэмыфащэхэр щылажьэ хьунукым. Администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыІэтащхьэр щІыхухэрэщ. Абы кьыхэкІыу цІыхухэм тэмэму епсэльэн, ахэр республикэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм кьыхэшэн хуейщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Абы и жэуапу кьыщыпсальэм Хьэгъэс Залымджэрий депутатхэм кьрагъээа дзыхьым папщІэ фІыщІэ яхуищІащ икІи яубзыхуа кьалэнхэр гъэзэщІыным зэфІэкІыу иІэр зэрырихьэлІэнымкІэ ягъэгугъащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

КЪБР-м и Іэтащхьэр «Урысей зэкъуэтым» и XIII съездым макІуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ, «Урысей зэкъуэт» партым и Совет Нэхъыщхьэм хэт Къанокъуэ Арсен партым Москва накъыгъэм и 26-м щригъэжьагъэкІыну XIII съездым республикэм и делегацэм и унафэщІ макІуэ.

ПАРТЫМ и Генеральнэ советым и президиумым кьищта унафэм ипкъ иткІэ съездым и делегатхэм партым и унафэщІхэр хахынщ, зэман гъунэгъум кьриубыдэу кьапсэщІ кьалэнхэр яубзыхунщ.

ДыззэрыщІыгъуаэзщи, партым и унафэщІ щІта Путин Владимир жиІащ кьэралым и Іэтащхьэу зэрыхахам кьыхэкІыу а кьулыкъум кьытекІыну зэриумурадыр. Абы кьыхилъхьащ партым и съездыр и пІалъэр кьэмысу накъыгъэм и етІуанэ Іыхьэм кьриубыдэу ирагъэжьэнуэкІыну икІи нэгъабэ дыгъэгъэзащІэ.

Партым и спискэм зэрыщІыгъам кьыхэкІыу «Урысей зэкъуэтым» и Іэтащхьэу Медведев Дмитрий хахыну.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Ари арэзыкъым

Европей союзым и фондхэм кьыхэкІ мылыку зыІэрыгъэхьэныр егъэлеяуэ гугъу зэрыхъуам кьыхэкІыу, Чехием и бюджетыр икъуКІэ игъэмэщІэн хуей хъунущ. Абы кьигъэгузващ а къралым и премьер-министр Нечас Петр. Ар нобэ Брюссель щыІуощІ Европей комиссэм и унафэщІ Жозе Мануэль Барроузу.

- Сэ зи гугъу сщІыр бюджетыр егъэлеяуэ дгъэмэщІэн хуей зэрыхъунуращ. ХэщІыныр валовэ дзыхь продуктым и процент бжыгъэкъым, атІэ езы бюджетым и процент зыбжанэщ, - жеІэ Чехием и правительствэм и Іэтащхьэм.

Абы щынагъуэу кьелыдэ Евросоюзым и фондхэм мылыку кьахуауІыпщыну щІэлъэІу кьэралхэм кьагъэлъагъуэ бжыгъэр ЕС-м ахьщэ хьэзыру иІэм зэрыщІигъур. Араш Чехием диІыгъыну щІэхьэзырыр 2013 гъэм Евросоюзым и бюджетым хэгъэхьэныжмкІэ кьыхалъхьэ жэрдэмыр.

Нечас Петр кьелыдэ пІалъэ кІэщІым щытыкІэр ямыхьэжмэ, Алыджыр еврозонэм кьыхэхкІыу езым и лъэпкъ ахьшэр кьищтэжныжмкІэ фІэкІа нэгъуэщІ хэкІыпІэ щымыІэну.

Ар пэж?

- Урысеим бензиныр щыпудау лъытэн хуейщ, - жиІащ федеральнэ антимонопольнэ Іуэхущ1апІэм (ФАС) и Іэтащхьэ Артемьев Игорь, дыгъуасэ антимонопольнэ хабзэхэр къэгъэсэбэныным тегухуауэ екІуэкІа конференцым кьыщыпсальэу.

АбыкІэ Артемьевым тегъэщІапІэ ещІ Евросоюзым гъэсынпхъэр зэрыщынэхь лъапІэр. Ауэ а зэІущІэм унафэщІым кьыщигъэлъэгъуакьым США-м бензиныр Урысеим нэхьр я проценти 10-кІэ (!) зэрыщынэхь пудыр. АтІэ, щІыдагъэкІэ нэхь кьулейр хэт? А упщІэм и жэуапыр ФАС-ми, Урысеим и властми, нэгъуэщІхэми зыкІи кьалыгъэркьым, гъэсынпхъэм и уасэр щагъэувкІэ.

ИтІэс зыбжанэкІэ узэІбэжьКІыжмэ, бензиныр Урысеим щынэхь лъапІэу щытащ дунейпсо уасэхэм нэхъэр процент 20 хуэдизкІэ. Абы «эрыхэщІам» ФАС-ми и фІыгъэ Артемьевым хельагъэ.

Экономикэ кьэхутэныгъэхэмкІэ «РИА-Аналитика» центрым и экспертхэм кьыхэрахутамкІэ, мы гъэм и мэлыжьыхьым бензиныр и лъапІагъкІэ Урысейр тежьжащ Къэзахстанми, Белоруссиеми, Европэм и нэгъуэщІ кьэралхэми.

НОБЭ

t Филологым и махуэщ
t Зи щІыналъэ и унафэ зымыщІыж лъэпкъхэм я Іуэху дэІыгъыным и тхьэмахуэщ.
t Африкэм и махуэщ
t Сабий кІуэдахэм я махуэщ
t Аргентинэ Республикэм и лъэпкъ гуфІэгъэщІу - 1810 гъэм щыІащ Накъыгъэ революцэр.
t Иордан Хъэшимит Пащтыхыгъуэм и лъэпкъ гуфІэгъэщІу - 1946 гъэм щхьэхуитыныгъэр игъэуцугъащ.
t Ильэс 20 и пэкІэ дипломатие зэхуэцытыкІэхэр зэхуаІэ хьуащ Урысей Федерацэмрэ Словение Республикэмрэ.
t Ильэс 20 и пэкІэ дипломатие зэхуэцытыкІэхэр зэхуаІэ хьуащ Урысей Федерацэмрэ Хорватие Республикэмрэ.
t Накъыгъэм и 25 - 28-хэм Таллинн (Эстоние) щекІуэкІынущ НАТО-м хэгъэкъралхэм я Парламент ассамблеем и ГъатхэкІ сессиер.

Дунейм и щыхьэрхэр:
«meteonovosti.ru» сайтым кьыхэритымкІэ, нобэ Налшык пІалъэ-пІалъэкІэ уэщх кьыщешхынущ, хуабэу махуэм градус 19 - 21-рэ, жщым - градус 14 - 17 щыІнущ.

Дыгъэр кьыщІэкІынущ сыхьэтэ 5-рэ дакьинкъ 31-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьинкъ 33-м.

Хьэуам и псыАгъэр кьытІаэнущ процент 63 - 84-м.

Нэхьапэхэр зыгъэзэжьырэр ГУЪУЩО Зарифи.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Зэ жыпІэнум тІэу егупсыс.

● Зэхьэзэхуэхэр

Ягу ирихьащ

«XXI лІэщІыгъуэм и пащэ» Урысейпсо зэхьэзэхуэхэр зыкъагъэхьэзыру, КъБКъУ-м иджыблагъэ щызэІущІащ ар къэралым и щІыналъэ 35-м кьыщызэзыгъэпэщ Іэщ1агъэлІэхэр.

А ЗЭІУЩІЭМ кьызэгъэпэщакІуэ комитетым кьыщІищІэжащ зэхьэзэхуэм зыхуэгъэхьэзыныжмкІэ лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр.

ЗэІущІэ нэужьым Урысей Федерацэм спортымкІэ, туризмымкІэ, щІалэгъуалэ политикэмкІэ и министрым и кьуэдзэ Повалкэ Александр кьыбгъэдэкІыу КЪБР-м и Правительствэм и УнафэщІ Гертер Иван кьыІэрыхьащ фІыщІэ тхыгъэ. Абы кьызэрыщІуатэмкІэ, Урысейпсо кьызэгъэпэщакІуэ комитетым кьиІытащ зэхьэзэхуэр егъэкІуэныным пщыІэ Іуэхуэгъуэр ди республикэм хьарзынэу зэфІиГъэкІыну. Алхуэдэу Повалкэ Александр и тхыгъэм фІыщІэ щыхуеІ КЪБР-м Жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэм я ІуэхуэхмкІэ и къэрал комитетми, абы и унафэщІ Пащты Бориси.

ЗэІущІэм зэхуэдэу кьыхахагъэщащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и кьызэгъэпэщакІуэ-техникэ мардэ льагъэхэр, зэхьэзэхуэр гъэхьэзырыным елъэкъуэм зыпэрыт ІэнатІэм фІыуэ хащІыкІыу, я лэжьыгъэм уэлІэижьу, жэуапльныгъэр зыхащІэу, хьэщІэхэр егъэблагъэныр я гуапэу зэрыщытыр. «Ди фІэщ мэхъу «XXI лІэщІыгъуэм и пащэ» зэхьэзэхуэм хэтынухэм республикэм гулыІтэ зэрыщагъэуэтынур, хьэщІэкІэ егъэлеяуэ фІы щІыналъэм щызекІуэ хабзэр абыхэми зэрызыхащІэнур», - жаІэ а зэпеуэр кьызэзэгъэпэщхэм.

КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгугъэныгъэхэм я Іуэхуэхмкі и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Щэнхабзэ

Ди тхылъхэр Италием щагъэлъагъуэ

Турин (Италие) кьалэм и «Лингготто» гъэлъэгъуапІэм накъыгъэм и 12 - 16-хэм XXIV дунейпсо тхыль жармыкІэ щекІуэкІащ.

МЫ ГЪЭМ абы и хьэщІэ лъапІэт Урысейр. Метр зэбгъуэнатІэ 400-м нэблагъэ зыубгъуа лъэпкъ стендым щагъэлъагъуащ Москва, Санкт-Петербург, нэгъуэщІ щІыпІэ куэдми я тхыль тедзапІэхэм кьабгъэдэкІ тхыль 2500-рэ (www.salonelibro.it).

Абыхэм яхэтащ Котляровэ Маргаритэ Викторэ я тхыль тедзапІэм кьыщыдагъэкІаХэрэр. Жармыкіэм щагъэлъэгъуащ «Кавказ» серием щыщхэу «История. Народы. Обычаи», «Адаты горских народов», «Культы. Легенды. Преданиях» тхыльхэр, «Живая связь времен», «Заповедная страна: Кабардино-Балкария» сурэт альбомхэр, нэгъуэщІхэри.

Турин жармыкІэм гулыІтэ хэха щигъэуэтащ Мариерэ Викторэ езыхэм я ІэдакъэщІэкІхэми. Ахэр «Народы Кавказа: история, этнография, география», «Балкария - страна гор и ущелий», «Абхазия - страна души» лэжьыгъэхэрщ.

Нэхьапэхэу ІэкІэ апхуэдэ тхыль гъэльэгъуапІэ инхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэи хэтакьым.

БАГЪЭТЫР Луиз**э.**

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Властым и органхэм зыхуэмыфащэ щылэжьэн хуейкъым

КЪБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен дыгъуасэ хэтащ Налшык къалэ округым щІыналъэ унафэр зезыгъакІуэ и советым и еплІанэ сессием. Ар теухуауэ щытащ Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр хэхьным.

КОНКУРС комиссэм и унафэщІ Бэджыдэ Мухьэмэд кІыхьэхуэсахэр щыгъуазэ ящІащ конкурсым хэтын папщІэ кандидату щым - Хьэгъэс Залымджэрий, Налшык къалэ округым и администрацэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащІэм, Балаев Тэхьвир, «Троллейбус управленнэ» муниципальнэ предприятэ зэгуэтым и унафэщІыр, ПщІокъуэ Олег, Кэнжэ къуажэм и администрацэм и Іэтащхьэр - зэрыхэтар. Кандидату зыкъэзыгъэлъэгъуэхэм кьапсэлъахэм ещІэуа, абыхэм я программэхэм щыгъуазэ защІа нэужь, конкурсыр езыгъэкІуэкІ комиссэм хэтхэм Хьэгъэс Залымджэрий кьыхахащ икІи абы и кандидатурэр Налшык къалэ округым щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ и советым кьыщыхальхьащ.

Депутатхэм зэдзэрэзыуэ Хьэгъэс Залымджэрий Налшык къалэ округым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэу хахащ. «Урысей Федерацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныр кьыщызэрэзэпэщІыныжмкІэ, псоми я зэхуэдэ хабзэхэм я Іуэхуэхмкі» 2003 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м кьащта Федеральнэ закон №131-ФЗ-м и 37 статьям, Налшык къалэ округым и Уставым и 48 статьям япкъ иткІэ, щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжмкІэ советым и тхьэмадэ Мурравьев Игорь щІэуэ ягъэтыныр, кьалэр зэІуэзэпэщІыныр. «Абыхэм ятеуухуа тхыгъэхэр зэпымыууэ си сайтым кьралъхьэ. А тхыгъэхэм кьыщаІэт псы фІейр щагъэкьабзэ Іуэхуэщ1апІэр, уэрамхэм ирикІуэ канализацэр зэгъэпэщыжын, кьалэм щыпсэуухэр жэщми махуэми псыкІэ кьызэгъэпэщыным теуухуа программэр гъэзэщІэн, Нарт-2, Нарт-3 поселкэхэр, Вольнэ Аул, Кьэсэнай, Белая Речкэ, Іэдиху хьэблэхэм зыхуэфащэ инженер инфраструктурэ щыхуэн зэрыхуейр», - кьыхигъэщхьэхуКІащ кьэпсалъэм.

«Зэрыхабзэу, республикэм псом ящІу кьаІэрыщІыхьур абы и кьалащхьэм щекІуэкІ социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ Іуэхуэхэр зыхуэдэрщ. Абы кьыхэкІыу Налшык и лІыкІуэ органым и депутату ущытыным жэуапльнигъэ хэха пылъщ икІи ар фэ бгъэпэжыфы-ну сыфщогугъ», - кьыхихгъэщхьэхуКІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Хьэгъэс Залымджэрий мы кьулыкъур дзыхь зэрыхуэщІам и гугъу щищІым, Кьанокъуэ Арсен кьигъэлъэгъуащ абы и унафэм щІэту Налшык жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытынигъэ зэрыщыІэтхэрэр, экономикэм, социальнэ Іэнатіэм энэрылъагъуу зэрызаужьар. КьащІтэмэ, блэкІа илъэсищым кьриубыдэу кьалэм и бюджетым и дотацэ Іыхьэр процент 18,5-кІэ ягъэмэщІащ, хэхъуэ Іыхьэр 2009 гъэ-елъытауэ процентI 133,5-м нэсащ. Апхуэдэу кьалэм ищэ продукцэр процент 88-кІэ, розницэ сатур хуэдэ 2,4-кІэ нэхьыбэ хьуащ. КЪБР-м и унафэщІхэм зэрыжиІамкІэ, кьалэ администрацэм социальнэ Іэнатіэм зегъэужьынми хуэфэщэн гулыІтэ хуищІащ. «Эмэн зыбжанэ льандэрэ кьалэдэсхэм я псоу кІэр ефІакІуэ зэпытщ. Налшык апхуэдэу пашэщ ику иту ятулахуэм зэрыхьхьэмкІи. Кьалэм сабийуэ кьыщальхьур нэхъ машІэ хьууэрэ щекІуэкІа эзманым кьикІащ. АбыкІэ зыкъомкІэ сэбэн хьуащ псэупІэ фондым зэрыхэхьуэр - 2011 гъэм и закъуэ псэупІэ унэу метр зэбгъуэзанатІэ мини 150-рэ хьэзыр ящІащ. 2010 гъэм елъытауэ ар процентI 131,6-кІэ нэхьыбэщ», - кьыхихгъэщхьэхуКІащ Кьанокъуэ Арсен.

А псоми кьадэкІуэу КЪБР-м и Іэтащхьэм игъэбелджылащ Налшык кьалэ округым и щІыналъэ администрацэм, абы и Іэтащхьэм зэман гуэр кьриубыдэу зэфІагъэкІын хуей Іуэху нэхьыщІкэрэр. Абыхэм ящыщІу псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм и Іуэхутхьбзэгъэхэм я фІагъыр кьаІэтыныр, кьалэр зэІуэзэпэщІыныр. «Абыхэм ятеуухуа тхыгъэхэр зэпымыууэ си сайтым кьралъхьэ. А тхыгъэхэм кьыщаІэт псы фІейр щагъэкьабзэ Іуэхуэщ1апІэр, уэрамхэм ирикІуэ канализацэр зэгъэпэщыжын, кьалэм щыпсэуухэр жэщми махуэми псыкІэ кьызэгъэпэщыным теуухуа программэр гъэзэщІэн, Нарт-2, Нарт-3 поселкэхэр, Вольнэ Аул, Кьэсэнай, Белая Речкэ, Іэдиху хьэблэхэм зыхуэфащэ инженер инфраструктурэ щыхуэн зэрыхуейр», - кьыхигъэщхьэхуКІащ кьэпсалъэм.

«Зэрыхабзэу, республикэм псом ящІу кьаІэрыщІыхьур абы и кьалащхьэм щекІуэкІ социально-экономикэ, жылагъуэ-политикэ Іуэхуэхэр зыхуэдэрщ. Абы кьыхэкІыу Налшык и лІыкІуэ органым и депутату ущытыным жэуапльнигъэ хэха пылъщ икІи ар фэ бгъэпэжыфы-ну сыфщогугъ», - кьыхихгъэщхьэхуКІащ республикэм и Іэтащхьэм.

Хьэгъэс Залымджэрий хуейуэ хуэгъэзэнэр, уэздыгъэхэр фІдэзэнэр, апхуэдэу Налшык и хъурейягъкІэ кьэзыкІыхь автомобиль гъуэгу уху-нэр.

Щ1ыналъэ администрацэм кьыпэщІыт лэжьагъэ нэхьыщхьэ дыдэщ псэупІэхэр комплексэу ухуэнымрэ кьалэ щІыналъэм зегъэужьынымрэ. Абы Іэмал кьитынущ щІыхуэхэм езэгъырабгъуу псэупІэхэр кьащэхунымкІэ. ХьэблэщІэхэм зыхуэфащэ инфраструктурэ кьыщыІэзэрагъэпэщын, автомобиль гъуэгухэр, социальнэ Іуэхущ1апІэхэр щаухуэн хуейщ.

«Апхуэдэ проектхэр ягъэзэщІэн хуейщ Налшык кьалэм зэрызэпичьыну генеральнэ планыщІэм тету. А планыр зэхэльхьэныр икІэщІыпІэкІэ зэфІамыгъэкІыу хьунукым», - жиІащ Кьанокъуэ Арсен.

Yп псалъэр щиухым, КЪБР-м и Іэтащхьэм кьыхигъэщащ щІыпІэ мыхьэкІэ зиІэ Іуэхуэр дэгъэкІыным и лъэныкъуэкІэ щІыналъэ администрацэм и полномочиехэр нэгъэсауэ гъэзэщІэным Хьэгъэс Залымджэрий зэфІэкІыу, щІэныгъэу иІэр ирихьэлІэну зэрыщыгугъыр икІи зыпэрыуба Іэнатіэм екъуэлІэну екъуэхьуащ. «Зы цІыхуи Іуэхуншэу щыдгъэсынукым, хуэмыфащэ Іэнатіэми Іуигъэтынукым. Правительствэми щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэми зыхуэмыфащэхэр щылажьэ хьунукым. Администрацэхэм я Іэтащхьэхэр зыІэтащхьэр щІыхухэрэщ. Абы кьыхэкІыу цІыхухэм тэмэму епсэльэн, ахэр республикэм щекІуэкІ Іуэхуэхэм кьыхэшэн хуейщ», - жиІащ КЪБР-м и Іэтащхьэм.

Абы и жэуапу кьыщыпсальэм Хьэгъэс Залымджэрий депутатхэм кьрагъээа дзыхьым папщІэ фІыщІэ яхуищІащ икІи яубзыхуа кьалэнхэр гъэзэщІыным зэфІэкІыу иІэр зэрырихьэлІэнымкІэ ягъэгугъащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Республикэм щыпсэухэм ящІэн папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и деж жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм теухуауэ хьыбар зэрэвгъащІэ хьуну телефонхэр.

Властым и лІыкІуэхэм яІыгъ кьыхьэхуэр я щхьэ ІуэхуэкІэ кьызэрагъэсэбэпым, лэжьыгъэм ехьалІа, уголовнэ законодательствэр кьызэрызэпаудым фІыщІыгъаэзмэ, а телефонхэмкІэ Администрацэм и лэжьакІуэхэм захуэбгъаэз хьунущ. ХэІущІыІу фщІыну фызытеШыныхь Іуэху гуэрхэм фытепсэлъыхьынымэ, КЪБР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм и лэжьакІуэхэм зыкъыфащІэ зэрыхъуну телефоныр кьзвгъэльагъуэмэ зэфІэкІынущ.

Цыхуэхэм кьабгъэдэкІ дэтхэнэ хьыбарри урысей законодательствэм кьызэригъэувам тету зэхагъэкІынущ хабзэхьумэ, кьэпщІакІуэ органхэм. Хьыбарыр кьызыбгъэдэкІар хэІущІыІу ящІынукьым.

Телефонхэр: **8(8662) 47-17-79, 47-32-56.**

● Іуэрей уэздженэ

Гъащ1эм лъэ быдэкІэ фыщыувыну

**Накъыгъэм и 25-р, хабзэ зэрыхъуащи, къэралым и курыт еджапІэ псоми щагъэпэщІ иужьрей уэздженэм и махуэшхуэу. Нобэ дэнэкІи щыІунущ а уэздженэ жыгъэрум и макъ льэщыр, ныбжьыщІэхэр, абыхэм я гъэзакІуэхэр, егъэджакІуэхэр зыныкъо льагапІэхэм щыхьэт тохьуэу, адэкІэ къапэщылъ ІуэхугъуэщІэхэм хуриджэу. Школакіуэ ныбжьым и дэтхэнэм и дежкІи мыхьанэ ин зиІэ а Іуэхугъуэр я щІэщыгъуэщ еэвнэ классыр кьэзыухуэр аджаным и адрей дэкІуеІапІэхэм хуэпабгъэ щІидУхэми, абы ехьэрт ан «эзу гъэ ежжэгъуэр» гуфІэгъуэр нэхьыбэу зыхуэхэсІауэ, зы нэкІэ Іэбгуэ гъэмахуэм техьэхэри. Иужьрей уэздженэм и макъыр гурэ псэкІэ зыхащІэ курыт школыр мы гъэм кьэзыух ныбжьыщІэхэм. Абыхэм я дежкІэ я зу макъ жьгъырур сабиигъуэмрэ бАлигъ гъащІэмрэ яку дэлъ лъэмыж хъыринэщ, гъунапкъэ зэпылъыпІэщ.

ДЭНЭКІИ хуэдэу, махуэшхуэр щагъэпэлапІэ ди республикэм и курыт школхэми. Иужьрей уэздженэр нобэ кьаухуоуэ ди щІыналъэм и еджакІуэ цІыкІухэми. Абыхэм ящыщу курыт школыр мы гъэм кьаух ныбжьыщІэ 6400-м щІигъум. ШколакІуэхэм я гуфІэгъуэр мы махуэхэм дАЗт адэ-анэхэм, егъэджакІуэхэм, КЪБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лІыкІуэхэм, кьалэ, кьуажэ администрацэхэм я Іэщ1агъэлІэхэм. Іуэхум екьэлІа гуфІэгъуэ зэхуэсхэм апхуэдэу кьрагъэблэгъащ зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэр, жылагъуэм пщІа щызэІэ нэхъыжьыфІхэр. Ахэр псори щызэхуоус макъамэ дахэхэр кьыщыІу школ пщІантІэ хуитхэм. 11-нэ классыр кьэзыухуэм нобэрей махуэр гукъинэж ящІыхьун папщІэ, школакІуэ нэхьыщІхэмэ ялъэкІ кьагъэнакьым. Абыхэм школ щІыхьэпІэхэр, гуфІэгъуэ зэІущІэр щекІуэкІ утхэр удз гъэгъахэрэ щар зэмыцфэгъуэ гъэпщащхэмкІэ щекІуэкІащ, гуфІэгъуэр нэхъыбэу зыхуэзэпэщІахэм папщІэ концерт цІыкІухэр, теплъэгъуэ кІэщІхэр агъэхьэзыращ.

А псори фІыщІэ ящІу, гуфІэгъуэмрэ дэрэжэгъуэмрэ я гум щызэу утыкуэм кьэокъэ школыр кьэзыухуэр, я класс унафэщІхэр я пашэу. Ахэр адрейхэм кьахощ я зыхуэпэкІэкІи, я пІэм зэпрыууэ едэзкІа дарий лентІ щхьэкІэплъыкІэхэмкІи, я нэгум кьищ нэжэгъжагъэмкІи. А ныбжьыщІэхэрщ гуфІэгъуэм зыкъеІэзыгъэхьэлІа псоми - егъэджакІуэхэми, адэ-анэхэми, школакІуэ щІэныгъэми, кьэщІэ льапІэхэми - нэхъыбэу нобэкІэ я пІалъэр. ХьэщІэм дэкІмэ, ахэр хьунущ ди республикэм, къэралым и нэгъуэщІ щІыпІэхэм щыІэ еджапІэ нэ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Си еджапІэ - си къежьапІэ

● ГукъэкІыжхэр

БлэкІа зэманым ущегъэхьэщІэ

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлапІэ Нало Ахьмэдхьан къыззраліхъуэр илъэс 90 зэрырикъуар. А цІыху щыпкъэм теухуа си гукъэкІыжхэмкІэ, и тхыгъэхэм сызрагъэгушхысахэмкІэ, сыдигъуэщ-ну сыхуеят «Адыгэ псалъэм» и щІэдзыкІакІуэхэм.

Бекъан Жанусэ

АХЬМЭДХЬАН сэ щысцІыхуам сыхъыджэбз цІыкІут. СызыщІэсыр химико-биологие факультетрами, адыгэбзэр фІыуэ сольагъурт икІи ди тхакІуэхэм я Іэдакъэщ Іэкі Іэхэм седжэн сЕІэфІт. Хьыджэбз цІыкІуэхэм ди гъусэт Ахьмэдхьан и щыпхъу Зое. Дэ псори дежьуапсэрт абы. Дауи, уемыхъуэпсэнрэт - дэлъхуихьм ягъафІэ, ягъэдахэ, ягъэльапІэ хьыджэбзым! Ахьмэдхьан Зое и дежь общежитым ныщІыхьамэ, дыукІытапэуэ рэдакІэлъыпІыкІрт абихэм. Зое хьыджэбз лъагэт, дахэт; Ахьмэдхьан щІалэщхуэм хуэдизхьуным мащІэт къанэр. А зэманхэм щІэздащ сэ Ахьмэдхьан и тхыгъэхэм седжэн. Пэжыр жысІэнхэм, си щІалэгъуэу сыщеджамрэ иджы зэрыщІэздыкІыжьмкІэ зэхуэдэкъым. Абы и «Нэхущ шу» романым сыщеджам си гум хыхьат. Псом хуэмыдэу зыхэсщІэнат «Хадапщ!» Іыхьэр, абы кьытегъэзэжурэ тІэу-щэ седжэжат. Иджырей щІалэгъуалэм гугъущ къагурыбгъэІуэну а хадапщІэм и гугъуаегъымрэ а зэманым цІыхум ятелъа хьэзабымрэ. Ахьмэдхьан «ХадапщІэр» зэриткъыж дыдэм щагъэт щІэм и щІыкІэ зауэ гъащІэм хэкІуэдауэ колхоз губгъуарт и фызэхэм дазэрыдзІэпыкъур. Сыту нэрылъагъуэ, гурыІуегъуэу тхэрэт Ахьмэдхьан! А хадэм ухешэ, уи гум кьегъэкІыж фІанэм и хьэлагъыщытар, псалъэкІэ нэхъ мыхъуми, диту фІы ящІыну губгъуэм ныхьыхьу щыта, Нартан кьуажэм и унафэщІхэу ШІыбзыхьэ Хьид, Егъэн Задин сымэ.

Сыту сфІэфІ Ахьмэдхьан и тхыгъэхэм сытепсэльхьыну! Псом хуэдэкъым «Нэхъ нан» рассказыр. Сэ езыр куэд щІащ нан сыгъэрыхьурэ. Унанэу а рассказым ущеджэкІэ, Ахьмэдхьан Бышэ нанэ и дзе плъэмыкІыкІу хьэщІапІэ уешэ: Іэмал имыІэу сыхуейщ абы сеуэрилъфыгІну; псыхэ ящыхьыр пщІэншэу иримыкІуту: «Хьэутий кьэкІуэжамэ, Іэнэм кьытетлъхьэну хадэхэкІхэм щІэдгъакІэ», - къэгъуэгурыкІуащ Жансэхъу, Заур, Ахьмэдхьан, Аскэрхьан, Кьарэ сымэ. Уегупсысмэ, сыт и уасэ апхуэдэ цІыхухэр лъэпкъым къыбдалъагъуну!

Ахьмэдхьан цІыкІуэ куэдым фІыуэ яльагъу икІи псалъэ гуапэ Іэджи хуатхащ. Абыхэм ящыщт си щхьэгъуэ полковник Джэтауэ Хьэмыщэ. Абы и тхыгъэ «Отважный понтонер» зыфІищар Нало Ахьмэдхьан теухуат - адыгэлІ щэджащэм Хэку зауэшхэм къищигъэльэгъуэ хахуагъэм, и губзыгъагъэм, и псэм и къулеягъым. Дапхуэдиз акъылрэ зэфІэкІрэ уиІэн хуейт танк бригадэр Неман псышхэуэм зэпрышын щхьэкІэ! И лІыгъэм папщІэ къаралым и дамыгъэ лъапІэ куэд кьыхуагъэфэщат Ахьмэдхьан, ауэ нэхъ лъапІэхэм ящыщт Невский Александр и орденыр. Апхуэдэ щІыхь зыхуащІхэр зырыгъхэт.

Хьэмыщэ фІыуэ ильагъурт Ахьмэдхьан, абы и кьэушхэу полковник Аскэрхьан, Заур сымэ. Абыхэм яхунщІ пщІэм кьрикІуауи кьыщІэкІынут Налохэ благъэ зэрытхэхъуар - ди хьэщхэбз нэхъыщІэ Радинэ Налохэ нысэ яхуэхъуат. Хэт игъащІэм ильэгъуа адэр и пхъум и нэмыхьыкІуэ? «Сэ Ахьмэдхьан, Аскэрхьан, Заур сымэ сабгъэдэсыну сыхуейщ», - жиІэри, Хьэмыщэ кІуат а нэчхъыхтым.

Ахьмэдхьан теухуа псалъэ дахэ, гуапэ куэд зэхэсхащ сэ, ауэ Къэрмокъуэ Мухьмэд хужиІауэ яджьиблагъэ сыкъыгэзджам псори кьыхэщІыпубдзу зыхэсщохьу: «Езым фІыуэ ильагъу и лІыхьжьхьэм хуэдэу лъэщт икІи Іущт, бжьыфІэт икІи лІыфІт Нало Ахьмэдхьан».

Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ.
БЕКЪАН (Джэтауэ) Жанусэ Цом и пхър.

Щыпэ щІыху, и къару емыблэжу и дэжьыгъэм бгъэдэту, щыІэщ унагъуэжкІэ фІы, щыІэщ чэнджэщэгъу, унэтІакІуэ къыпхуэхьуф, ныбжьэгъуфІ, щыІэщ анэ гумащІэ, егъэджакІуэ щыпкъэ... А зи гугъу тщІа псори зэуэ зыхэлъ цІыху гъуэтыгъуэнщ, ауэ Кэнжэ къуажэм дэс, КъБР-м щыпхъэнІэ и егъэджакІуэ Мэлъкъуэнды (Бэрэгъун) Іэбыху епхьэлІэ хьунущ зи гугъу тщІа хьэл-щэн дэтхэнэри. Ар егъэджакІуэ Іэкіуэтъакіуэщ, унагъуэ ёзыльхъугъэ щыпхъэщ, анэ, анэшхуэ Іэфіщ, Іъэныкъуэ кудкІэ щапхъэу бгъэтьагъуэ хъуну Іэбыхьу щагъэльапІэ пшыхь ядыжьлагъ къыщыгъэрагъэпэщащ Кэнжэ къуажэм Щэнхабзэмкіэ и унэм.

ЗЭХУЭС дахэр иригъэкІуэкІащ Іуэхущ Іапэм и библиотекэм и унафэщІ Бэрэгъун Жаннэ. Абы утыкум гуапэу иригъэбгъэщащ пшыхьыр зи саугьыкуКІэ зэхьхьа Іэ-быху, абы и ныбжьэгъуфІ, ильэс куэдкІэ къыдэлэжьа Шыбзыхьэу Лидэ, и шыпхъу Щоджэн Мэржан сымэ и гъусэу. Абыхэм уэрэд дахэкІэ кьапежьащ Щэнхабзэмкіэ унэм и уэрэджьІакІуэ, къэфакІуэ гупым и гъэсакІуэ Мамий Аслъэн.

Іэбыху теухуа псалъэ гуапэ куэд утыкушхуэм щыжаІащ и анэкъиІьхуэзу Бэрэгъун Мэчрэилрэ Щоджэн Мэржанрэ, абы школым кьыщыдэзыжьауэ Шыбзыхьэу Лидэрэ Кьумыкъу Зоерэ, и благъэхэу, ныбжьэгъуэу, къуажэм дэс нэхъыжьыфІхэу Унэжокъуэ Борис, ЖьэкІымыхъу Борис, Болий Хьэзрэталий, Ахьмэт Людмилэ, Болий Кіунэ сымэ. Апхуэдэу пшыхьым кьрагъэбгъэтат Пшынокъуэ Олег, Іэбыху мирингъджахэу КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Тау Пщыкъан, Налшык къалэ администрацэм щэныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым и кьэдзэ Борчаев Камал, щІэныгъэлІ Кьэзанш Сэфарбий, нэгъуэщІхэри. Бзыльхъугъэ гуащІафІэм хузэфІэкІащ жьылэм пщІэрэ нэмысрэ кьыщилэжьыин. Абы и чэнджэщ Іущхэм щІэтщ кьуажэм нобэ кьыдэхьуэ щІэбгъэри.

ГъащІэ купщІафІэ кьигъэщІащ Мэлъкъуэнды Іэбыху. Адыгэ хабзэ, нэмыс зэрыльть, зэхэщІыкІрэ лъагъуныгъэкІэ гъэнщІа унагъуэщхэм кьыхэкІащ ар. Зэкъуэшпэ ІпІрэ зэшыпхъуплІрэ хъу бынунэр адэнщэу пасэу кьэнащ. Я анэр я дэІэпыкъуэгъу нэхъыщхьэу, езыхэр зыр адрейм щІэгъэкъуэн хуэхъуэрэ абыхэм зрагъэгъуэтащ зэрыпсэун Іэщ Іагъэ, щІэныгъэ. 1933 гъэм Іэбыху школым щІэтІысхьащ икІи ехьуІэныгъэ иІэу еджащ. Балигъыпіэ нуда къудейуэ абы и нэгу щІэкІащ Хэку зауэшхуэм и бэлыхьхэр. Дзэлыкъуэ хъунІэхэм щыІэу 1942 гъэм ар япэу хэхуащ зауэм и лыгъэм. Абы щыгъуэ Іэбыху яхэтащ. Пасхуабэ дзэ уІэзэщыем, бийм ныкІуэм, щІэтьа сэлэтхэр мафІэм кьыхэзыхахэм. Апхуэдэу ныбжьыщІэм хуэзэфІэкІ къигъэнакъым биндзэм и танкхэр кьыхэзэрымыкІыфын хуэдэу, Нартан кьуажэм и Іэшэлъашэхэм дежькІэнауэщхуэхэр щыдатІыкІым. Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм зэфІиха апхуэдэ Іуэхугъуэхэм щхьэкІэ, Іэбыху къыхуагъэфэщауэ щытащ «И гуащІэджьІ хьэлэлъ пашІэ» медаль. ЩІэныгъэ куу зригъэгъуэтыным хунэмыса Іэбыху зауэ и ныбжьэм щІэтІысхьащ егъэджакІуэхэр щагъэхьэзыр курсхэм. Зэреджэм хуэдэуэ ар колхозым щылэжьащ, иужькІи кьуажэ советым ильэс зыбжанэкІэ щылащ. ЕгъэджакІуэ Іэщ Іагъэр зригъэгъуэтри, игуи и пси етауэ абы ильэс щэщІрэ тхукІэ ирилэжьащ Іэбыху. Абы иригъэджахэм кьахэкІащ жьылэм, республикэм ІуэхугъуэфіхэмкІэ цІэрыІуэ щыхьэуа куэд.

Унагъуэ дахи иІэщ бзылъхугъэ Іэдэбым. Абы и бынхэми и къуэрылъху-пхъурылъхуэми зыкъраГъэхьэлат пшыхьым. КъекіуэлІахэр гуапэу ежьуэхьащ бынунагъэшхуэм, абыхэм я нэхъыкьэри куэдрэ кьащІхьэщытыну зэрагуапэр дэтхэнэми кьыхигъэщащ.

Жьэгу пащхьэм и хъумакІуэ, щІэблэм я ущиякІуэ, бзылъхугъэ щыныфІэ, Іэдэб Мэлъкъуэнды Іэ-быху и гъащІэмрэ зэфІихэ Іуэхугъуэхэмрэ ятеуауэ пшыхьыр гъэщІэгъуэну, гукъинэжу екІуэкІащ. ЕгъэджакІуэм, анэм, хэкум, щІэблэм ехьэлІа уэрэдхэр, уСэхэр щыІуащ а зэхуэсым. Ахэр ягъэзэщащ Щэнхабзэмкіэ унэм и пэжьанІуэхэм, ныбжьыкІэм дэт курыт школхэм, сабий садхэм я гъэсэнхэм. Пшыхьым и кІэхуэ псалъэ зрата Іэбыху фІыщІэ яхуищащ зи зэман емыблэжьу абы зыкърезыгъэхьэлІа псоми. Апхуэдэу хъуэхъуащ жьылэм зэпэщІыгъэ, дзэрэзэгъуэ, къэралым мамырыгъэ, зэгурыІуэныгъэ ильу цІыхухэр куэдрэ псэуну, щІэблэм я насып яльагъуну.

КЪАРДЭН Маритэ.

Псэ къабзэ

● Пшыхьхэр

Чэрты Мадинэ и гъэсэнхэр и гъусэу.

ЩІэщыгъуагъ хилъхьэу

Гъатхэ удэзыр щІым япэу кьиузэрыхэкІыу, Мадинэ и еджакІэу щыкІуухэр губгъуэм ирешэ, дерсхэм ящыщ зыбжанэ щІыуэпсым и «куэщІым» щригъэкІуэкІыну. Уэ хущхьуэ зэмылІэужьыгъуэ гъуэтыгъуейхэмкІэ кьулей Бальтык щынальэм егъэджакІуэм сабийхэм щагъэщІыху ди деж фІэкІа нэгъуэщІ зы щІыпІэ кьыщымыкІ кьэкІыгъэ зэмылІэужьыгъуэхэр, аэзр ярегъэдж. А кьалэнхэм хуолажьэ Чэрты Мадинэ и нэІэм щІэту Сэрмакъ кьуажэм дэт курыт школ №3-м щыІэ хэкурыдж гупжьейр.

ЖЬЛЭМ кьедзылІа губгъуэхэм куэдрэ щыдольагъу гъуэгъу щыналъхэм кьэкІа цІыху куэд. Аэзр, кьыззрыдгурыІуэмкІэ, ди деж кьыщыкІ удэ хущхьуэхэм щкьэкІ кьоКІуэ. Ди жагъуэ зэрыхъуащи, апхуэдэ «хьэщІэхэм» сэ папщІэ щыкІухэмкІэ кьэкІыгъэ щыкІуэзэр кьыпапущІ, нэхъІеижращи, я Іьабжьэхэр я гъусэу кьыхатІыкІ. Апхуэдэ Іуэхугъуэм гу льатэри, Сэрмакъ курыт школ №3-м нэхьапэІуэкІэ кьыщыззрагъэпэщауэ щытащ гупжьей щхьэхуэ, щІыпІэм кьыщыкІ удэ лІэужьыгъуэхэр щаджьину, абыхэм япкърыль сэбэпынагъэхэм щыкІэлъэпІыну. ЕджапІэм и унафэщІу а лъэхъэнэм щыта Чэрты Гъумар а лэжьыгъэр пщэрыльр щищІат Балэ Сэчынэт. Абы и Іуэхум пищащ биологиемкІэ егъэджакІуэ Чэрты Мадинэ. Абы и гъэсэнхэм иджы Іэзэу зэхэлъукІ удэ лІэужьыгъуэхэр, дэтхэнэм сыт хуэдэ сэбэпынагъ пкърыльми ящІэ.

- Хущхьуэ зыхэлъ удэхэр зэрезгъэщІыхуэм кьыщэжьІуэу, сэ сабийхэм я зэорагьІэ аэзр медицинэм дауэ кьыщагъэсэбэпми, - жеІэ Мадинэ. - КьынэмыщІауэ, си гъэсэнхэр пщэфІэн Іуэхум хуэогъаджэ, шхыныгъуэ зэмылІэужьжьыгъуэхэр щагъэхьэзыркІэ, удэ хущхьуэхэм ящыщу сыт хуэдэхэр хэлъхьэпхъэми язоГъащІэ. СыззригутъмкІэ, тэмэму, егугъуу еджэзэр школ нэужьым шхапІэхэм пщафІэу щылэжьэфынущ.

Апхуэдэуи бзылъхугъэ цІыкІухэм я Іуэхугъ ГъащІэм кьащхькуэсэбэпынущ.

ЩІэблэм щІэныгъэ ептын, ар бущинч, ГъащІэм ГъэгУ пэж щытегбгъэувэн нэхърэ нэхъапэ щІэжькІым. ПщІэ зыпылъ апхуэдэ лэжьыгъэщ ильэс 25-мнэбгъэльауэ хьэлъэ ГъащІэм и ГъэгУ Чэрты Мадинэ и игъэзащІэр. Егъэджакіуэм ехьуІэныгъэфІэхэр иІэну, ар и гъэсэнхэм я зэфІэжьым дэиныну ди гуапэщ.

ХЬЭМТУ МуІэед.

● Си бзэ - си псэ, си дуней

Зэи мыужьыхыж бзийм хузогъадэ

Дунейр ипэкІэ мэкІуатэ. Абы докІуатэ, зыдеужь ди лъэпкъым. Бзэр къыгуэхьпІэ имыІэу дэтхэнэ лъэпкъми щІыгъущ , сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, ар дыгъуасэмрэ ноБэмрэ зэпызыщІэ лъэмыжщ, ди тхыдэр къзэпІуатэ щІэнгъуэзэщ, кьэкІуэнум дыхуэзышэ Іэмалщ. А гъуэгуанэр гъэнщІащ, зэщІащ ди лъэпкъым и зэшыпхъкІэ, и псэ дахэмкІэ, и хабзэ щхьэпэу кьыдекІуэкІхэмкІэ. Анэдэлъхьэзэм кьыхэпхыфынум хуэдиз акъыл кьыббгъэдилъхьэфынукъым зыми. Аращ цІыхум и зыуэщІыныгъэр кьыщежьэр - анэм и бзэрщ.

ЦІыхум бзэмкІэ зыхуэйр кьеІуатэ, и гупсысэм и Іэщэ хьэлэмэтщ, ар иригъэфІакІуэ, нэхъ лъагэ ещІ. Абы и мызакъуэу, щІыху щхьэхум и акъылри, и гупсысэкІэри къэзыгъащІэр бзэрщ. Бзэ зимыІэ лъэпкъым лъэпкъыгъуэр фІокІуэд. Бзэм игъэзащІэ кьалэнхэм я щІыхьэ ту сыхуейт Щоджэн Аслъэнджэрий и «Адыгэбзэ» усэм щыщ мы пычыгъуэр:

Ди адыгэбзэм лъэпкъыр зэпещІэ,
Блэкіа зэманхэр дэ къыдегъащІэ,
Ди нартыжь лъэпкъым узрэд хуеус,
Ди лъэпкъ уэрэдхэр дэни нехьэс.

А бзэм и фІыгъэкІащ дэ псоми нэІуасэ дыщІыхуэхьур, аращ тхыдэм кьыщыкъуа Іуэхугъуэхэм дыхуэзыгъэджэжыр. АтІэ дауэ фІыуэ умыльагъунрэ апхуэдиз Іуэху щхьэпэ кьыпхуэзыгъэжь бзэр? Анэ быдзышэм щыгъуэу дэтхэнэ зы сабийми ди тхъэкІуэмэм Іэфіу кьиІуэ ди бзэр дымыщІэныр хьэдэгъуэдахэщ! Дэтхэнэ цІыхуми и гъащІэм и къежьапІэ, и лъабжьэ анэдэлъхубзэр лъэпІэнуми ефІэкІуэнуми хуитыр езы лъэпкъырщ. Лъэпкъыу дауэ зэрызубжьыжыр уи бзэр умыщІэжу, абы хуэфащэ пщІэ хуумыщІу? Уи адэшхуэ-анэшхуэм, уи адэ-анэм я бзэр умыщІэмэ, убзэмыІу пэлъытащ. Уи бзэр зэи мыужьыхьыж бзийм хуэдэщ.

Сыадыгэщ, бзэр сиІэхукІэ,
Сыадыгэщ, бзэр псэуху, -

жиІащ усакІуэ цІэрыІуэ Сонэ Іабдулчэрим. Хуабжьу си жагъуэ мэхъу цІыху зырыхэм зыптыжьаІыкІыу зыхэхэсхэм деж: «Адыгэбзэр сыт щІэдджьнр? Кьулейсыщ, щхьэруншэщ...». Ар емыкІыщ уи бзэм хужьпІэну! Ар жьызІэфынур езыр цІыху «кьулейсыщ», ёзым и лажьэр бзэ хейм кІэрецІэлъ. Си бзэм нэмыплъ езытхэр игъэкъуаншэу, игъэкІытэу Кьагырмэз Борис етх:

Ди лъэпкъым щыщу узыфІэмыІэхум,
Адыгэу сыбжу, симыплъэн и нэгу.
Фіокіуэдыр и пщІэр, уи пщІэр зыгъэкІуэдым,
Кьыпхужьызыіэм «Бзэр лъэрымыкъ цІыкІущ».

Адыгэбзэ, адыгэпсэ. Пэжу пІэрэ ар, адыгэм и псэр адыгэбзэу? Абы шэч кьытозыгъэхъэ Іуэхугъуэ куэд урохьэлІэ ди зэманым. Инькъуэхэм дежь кьыпщохьу ар псалъэ кьудейуэ, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, адыгэбзэнщэуи цІыхухэм я Іуэху кьыщикІ кьохьу - хамбзэр нэхъ кьэзыщІэ кьытхокІ. Адыгэ унагъуэ куэдым ущрохьэлІэ анэдэлъхубзэр зэрызрамыпсэкъым кьыхэкІыу я бынхэр бзэмыІу хьуауэ. Куэдрэ сигу кьокІыж Щоджэнщ!кІу Алий и «Хьэжьигъэ пут закъэм» щыщ щІэнэкІалъэр: «Адыгэбзэр сыту ссын? Дыгъэрекэр урысыбзэс-». НэгъуэщІ щхьэпэ-щхьэпэ зэрыщІэсыр, ГъащІэм хуэкІэрымыкІуауэ кьэзыльытэр гунэжщ. Ар сэ сфІэтэмэмкъым, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, зыгуэр кьызэрызгурыІуэрэ, а бзэм нэхъ рэзэ нэхъыфІ зэрыщымыІэм сыщІагъэджькІащ. Си адэшхуэр сэ сщІэжьыркъым, ауэ си адэм зэрыжиІэжьмкІэ, абы адыгэбзэ дахэ Іурылъащ, хьыбар куэд ищІэу щытащ, гуп яхьыхэмэ, уэрэдыжьхэмкІэ псорИ кьыщиІэхьрт.

Си анэшхуэ Чбирэт и гущэкъу уэрэдымкІэщ адыгэбзэр япэу зэрызэзгъэщІар, абы и ІэфІагъыр зэрызыхэсщІар. Си нэхъыжьыфІхэм хуаІэ лъагъунытгъэмрэ пщІэмрэ гъэугуГъэлъагъуэ яхуэхъуащ абыхэм я бынхэм. Ара кьыщІэкІынщ мыгупсысэу си адэ Жылэтэж Хьэжьисмелпэ си адэ кьуэш Іэниуаррэ ди университетым адыгэбзэмкІэ и кьудамэм щІэзгъэтІысхьар. ЕхьуІэныгъэ яІэу кьаухри, егъэджакІуэ Іэщ Іагъэр кьыхахащ. Си адэм бзэр адэкІэ нэхъ кууэ иджын мурад иІэти, аспирантурэм щІэтІысхьэри щІэныгъэм зритащ, филологие щІэныгъэхэм я кандидатщ, щІэныгъэхъэхуакІуэ институтым щолажьэ. Си адэм пщІэ лей хузощІ, абы кьытхилъхьэ гъэсэныгъэмрэ щІэныгъэмрэ щхьэкІэ. Дыззрыадыгэр, абы дрипэгэн зэрыкуейр ди лъым, ди пкъым хэту дыкьегъэхъу. СытКІи чэнджэщэгъу тхуохьу, тхыльэ, журнал дыщигъащІэркъым, кьытхуоджэ, дыкърегъаджэ.

Ди унэм сыт щыгъуи щоІу ди бзэ дахэр. Апхуэдэ хабзэ дыдэ ильэ ди адэ кьуэшым и унагъуэми. Ар адыгэбзэмкІэ егъэджакІуэу щолажьэ ёзыр щеджа школым. Сэ си гупсысэу ди унагъуэм ди бзэр зэи щымыкІуэщыну, ди нэхъыжьыфІхэм кьытхапща лъагъуныгъэр мыкІуэщІыну. Адэ-анэм бзэм худагъэщІа пщІэмрэ лъагъуныгъэмрэ нэхъ куу ищІащ, адыгэбзэм и хабзэ щэхуэмрэ и гъэщІегъуэнагъымрэ дыдригъэхьэхьфащ адыгэбзэмкІэ ди егъэджакІуэ ГъхытІыкІ Люся.

Дэтхэнэ адыгэри сэ сэхьхуэджэ и бзэм хуэсакъыну. Щыдгъэхъэмэ ар ди жьэгум, щыдгъэзэпсалъэ адыгэхэр адыгэбзэкІэ!

ЖЫЛЭТЭЖ Данэ,
Арщыдан курыт школ №2-м и 9-нэ классым и еджакІуэ.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Гъэсэныгъэм гъунэ иІэкъым

● Зэхуэсхэр

Налшык къалэ администрацэм егъэджэныгъэмкІэ и департаментым кьыззригъэпэща практикэ лэжьыгъэ иджыблагъэ щрагъэжьІуэкІащ прогимназие №65-м. Сабий сад-пащІэдзэ еджапІэхэм я унафэщІхэр зыхэта семинарыр теухуат зезыгъэужь педагогикэ технологиехэр егъэджэныгъэм кьызэрыщагъэсэбэпым.

УЛЪЭЩІЭМЫХЬэУ жьыхуаІэм хуэдэу, гъащІэм зехъуэж. Егъэджэныгъэм нэхъапэм кьамыгъэсэбэпу щыта Іэмальщ!эхэр кьыхохьэ. Сабийм ныкъыкъуэ псомкІи зегъэужьныр зи пщэ кьыдэхэу еджапІэхэм я лэжьыгъэр траухуэ я зэхъуэкІныгъэхэм, икІи, Іэмал зэриІэкІэ, ар зэрыгъэфІэкІуэным яужь итхэщ. Си гугъу сщІы семинарым и мурад нэхъыщхьэу щытар сабий садымрэ пэщІэдзэ классхэмрэ кьекІуалІэ цІыкІуэхэм я гъэсэныгъэм, егъэджэныгъэм иджырей педагогикэ технологиехэм я Іэмалхэр хэпща зэрыхъунурат. А мурадым егъэщІауэ еджапІэм и гъэсакІуэхэм - егъэджакІуэхэм кьызэрагъэпэща дерс зыбжанэм и пэ кьихуэу, кьызэхуэсахэм я пащхьэ кьыщыпсэлъахэщ программиазие №65-м и унафэщІ Багъэтэр Ларисэрэ абы и къуэдзэ Кундалевич Наталиерэ. Ахэр тепсэлъыхьащ сабий садрэ пэщІэдзэ еджапІэу зэхэт, кьалэм щынэхъыбІэхэм хабжэ программизием и Іуэхущ!афэхэм, абы и гъэсакІуэ-егъэджакІуэхэм я лэжьэкІэм, семинарым хуагъэхьазыра дерсхэм, абыхэм я мурад нэхъыщхьэхэм.

Зэхьыхьэм и гъэлъэгъуэныгъэ Іыхьэм я зэфІэкІхэр утыку кьыщрахьащ садым и сабий нэхъыжь гупым я гъэсакІуэ Ует Тамарэ, школым щыхуагъэхьазыр гупым я гъэсакІуэ Накуэ Индирэ, сурэт щІыным хуезыгъаеэ Филимоновэ Татьянэ, иджыблагъэ абзэр сабийхэм езыгъэжьа Герговкэ Анетэ, езанэ классым и егъэджакІуэ Гуэнгъэпщ Анисэт сымэ. Иджырей гъэсэныгъэ-егъэджэныгъэм и Іэмалхэр кьагъэсэбэпурэ, ныбжь-ныбжьыкІэрэ къэзыгъэсыгъэ ныкъыкъуэ Жансэхъу, Заур, Ахьмэдхьан, Аскэрхьан, Кьарэ сымэ. Уегупсысмэ, сыт и уасэ апхуэдэ цІыхухэр лъэпкъым кьыбдалъагъуну!

Ахьмэдхьан цІыкІуэ куэдым фІыуэ яльагъу икІи псалъэ гуапэ Іэджи хуатхащ. Абыхэм ящыщт си щхьэгъуэ полковник Джэтауэ Хьэмыщэ. Абы и тхыгъэ «Отважный понтонер» зыфІищар Нало Ахьмэдхьан теухуат - адыгэлІ щэджащэм Хэку зауэшхуэм кьищигъэльэгъуэ хахуагъэм, и губзыгъагъэм, и псэм и кьулеягъым. Дапхуэдиз акъылрэ зэфІэкІрэ уиІэн хуейт танк бригадэр Неман псышхэуэм зэпрышын щхьэкІэ! И лІыгъэм папщІэ къаралым и дамыгъэ лъапІэ куэд кьыхуагъэфэщат Ахьмэдхьан, ауэ нэхъ лъапІэхэм ящыщт Невский Александр и орденыр. Апхуэдэ щІыхь зыхуащІхэр зырыгъхэт.

Хьэмыщэ фІыуэ ильагъурт Ахьмэдхьан, абы и кьэушхэу полковник Аскэрхьан, Заур сымэ. Абыхэм яхунщІ пщІэм кьрикІуауи кьыщІэкІынут Налохэ благъэ зэрытхэхъуар - ди хьэщхэбз нэхъыщІэ Радинэ Налохэ нысэ яхуэхъуат. Хэт игъащІэм ильэгъуа адэр и пхъум и нэмыхьыкІуэ? «Сэ Ахьмэдхьан, Аскэрхьан, Заур сымэ сабгъэдэсыну сыхуейщ», - жиІэри, Хьэмыщэ кІуат а нэчхъыхтым.

Ахьмэдхьан теухуа псалъэ дахэ, гуапэ куэд зэхэсхащ сэ, ауэ Къэрмокъуэ Мухьмэд хужиІауэ яджьиблагъэ сыкъыгэзджам псорИ кьыщІыпубдзу зыхэсщохьу: «Езым фІыуэ ильагъу и лІыхьжьхьэм хуэдэу лъэщт икІи Іущт, бжьыфІэт икІи лІыфІт Нало Ахьмэдхьан».

Урысей Федерацэм щІыхь зиІэ и егъэджакІуэ.
БЕКЪАН (Джэтауэ) Жанусэ Цом и пхър.



Сурэтым: семинарыр щекІуэкІым.

зэщхьэщыдэ сабий гупхэм кьыщагъэльэгъуа дерсхэр хьэщІэхэм икъуІэ гъэщІэгъэуэн ящыхьуат.

«Акъылым уасэ иІэкъым, гъэсэныгъэм гъунэ иІэкъым», - жаІэ. И кьаруи емыблэжу зи ІэнатІэм бгъэдэт егъэджакІуэм сабийм яригъащІэр нэхъыфІу, нэхъ гъэщІэгъэуну ябгъэдильхьэн папщІэ Іэмал зэмылІэужьыгъуэкІэ кьызэрэпэщауэ Ует Тамарэ иригъэкІуэкІа «Дэ дыкъэхуэгакІуэщ» дерсыр фІы дыдэу кьежьуІаащ. Дыкъэзыухъуреихь щІыуэпсым, абы щыІэу хьэуам и щытыкІэхэр, ар цІыхум кьызэригъэсэбэп щІыкІэхэм щытепсэлъыхь дерсым сабийхэм кьэхутэныгъэ куэд щрагъэкІуэкІащ. ЦІыкІуэхэм кьащІащ, мывэ цІыкІум хуэдэу, хьэуар кьызэрымыщтэфынур, псым хуэдэу зэрымыкІутыфынур, мэ, фэ, ІэфІагъдыджагъ зэримыІэр. Абыхэм кьахутащ кьэуам хьэлъагъ зэриІэр, абыкІэ гъэпща хьэфэр псым зэрыщІэмытІысыкІыр, хьэуар кьыщыплкІэ, нэхъ псынщІэ зэрыхъур, жьы кьыщепщэкІэ, абы кьызэрикІухьыр зыхэтщІэу зэрыщІыр, нэгъэщІ куэди. Апхуэдэу цІыкІуэхэм кьагурыІуащ хьэуар кьабзэу щытыным цІыхуэм и узыншагъэмкІэ мыхьэнэщхуэ зэриІэр. Зытепсэлъыхьыр кьызыхэзыщІ усэхэм, кьуажэхьхэм кьеджэазщ, дыкъэзыхуЪуреихь щІыуэпсыр зэрахуэзфІэкІкІэ яхъумэну псорИ кьыхураджащ. Дерсым гъэсэныгъэ мыхьэнэщхуэ зэ риІэр кьагъэльэгъуащ абы кьрихьэлІа псомИ.

Семинарым хэтахэм ирагъэлъэгъуащ урипагэ хъуну, сабийм сыт и лъэныкъуэкІи зыщиужьыну Іэмал кьэзыту кьызэрэпэща пэш зэлъыІуахэр, я екъуалІэныгъэхэр наІуэ кьэзыщІ бзыным дежи кьыщыззтеувыІахэщ. Сабийр еджапІэ нэхъыщхьэм хуэгъэхьэзырыным хуэгъэгъуэ зэрыщІэзыр, ар ящІыщІ кьэдИ. Апхуэдэу цІыкІуэхэм кьагурыІуащ хьэуар кьабзэу щытыным цІыхуэм и узыншагъэмкІэ мыхьэнэщхуэ зэрИгъэ. Зытепсэлъыхьыр кьызыхэзыщІ усэхэм, кьуажэхьхэм кьеджэазщ, дыкъэзыхуЪуреихь щІыуэпсыр зэрахуэзфІэкІкІэ яхъумэну псорИ кьыхураджащ. Дерсым гъэсэныгъэ мыхьэнэщхуэ зэ риЪэр кьагъэльэгъуащ абы кьрихьэлІа псомИ.

Семинарым хэтахэм ирагъэлъэгъуащ урипагэ хъуну, сабийм сыт и лъэныкъуэкІи зыщиужьыну Іэмал кьэзыту кьызэрэпэщауэ пэш зэлъыІуахэр, я екъуалІэныгъэхэр наІуэ кьэзыщІ бзыным дежи кьыщыззтеувыІахэщ. Сабийр еджапІэ нэхъыщхьэм хуэгъэхьэзырыным хуэгъэгъуэ зэрыщІэзыр, ар ящІыщІ кьэдИ. Апхуэдэу цІыкІуэхэм кьагурыІуащ хьэуар кьабзэу щытыным цІыхуэм и узыншагъэмкІэ мыхьэнэщхуэ зэрИгъэ. Зытепсэлъыхьыр кьызыхэзыщІ усэхэм, кьуажэхьхэм кьеджэазщ, дыкъэзыхуЪуреихь щІыуэпсыр зэрахуэзфІэкІкІэ яхъумэну псорИ кьыхураджащ. Дерсым гъэсэныгъэ мыхьэнэщхуэ зэ риЪэр кьагъэльэгъуащ абы кьрихьэлІа псомИ.

Сурэтыр тезыхар **Толгуров Камалщ.**